

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Atik nou pral li la a se pawòl ki te soti nan konferans Sosyete Koukouy Santo te òganize nan *institution chrétienne source de vie* samdi 2 novanm 2024 PERYODIZASYON EPI ISTORIK PWEZI KREYÒL AYITI: PERYÒD KOLONIAL AK MICHEL-ANGE HYPOLITE (KAPTENN)

K 01: Gen moun ki pale de tandans literè, men teknikman vrè tèm lan se kouran literè oswa mouvman literè. Lè nou di mouvman literè, nou ap pale de travay yon gwoup moun ki genyen menm vizyon literè. Yo genyen yon responsab, sa vle di: yon lidè epi yo genyen yon pwopozisyon pou yo pote yon novote nan domèn yo chwazi pou yo devlope a. Soti 1804 rive nan ane 1960 yo, sèl gwoup ki kadre definisyon mwen fenk site la a se Sosyete Koukouy. Nan liv 100 *Kesyon pou Akademi Kreyòl Ayisyen (2024)*, Pierre Michel Chéry epi kèk lòt Akademisyen konpile, genyen kesyon # 63 a : **Nan ki lane koze literati kreyòl la kòmmanse parèt nan peyi a ?**

Nan divès lide yo bay pou yo reponn kesyon sa a, nou li :

« ... *Rive nan ane 1965, Sosyete Koukouy, [se]premye asosyasyon literè kreyòl ki egziste nan literati Ayiti a, [ki] pral enterese nan devlopman literati kreyòl ayisyen an.*» Soti ane 1970 yo pou rive jounen jodi a, nou poko tande okenn gwoup ki di ofisyèlman, yo se yon mouvman oswa yon kouran literè kreyòl.

Nouvo Pwopozisyon Peryodizasyon

Anvan mwen rantre an pwofondè nan kategori ki rele pwezi a, mwen ap fè nou remake, kategori literè ki pi an vòg nan literati kreyòl Ayiti a, se pwezi, rakontay (*le récit*), ki gwoupe woman, istwakout, istwa-kont, nouvèl literè epitou genyen kategori teyat. Divès branch literè sa yo genyen moun ki espesyalize ladan yo. Moun mwen konnen ki fè travay an pwofondè Nan kategori rakontay a (rakontay), se Pwofèsè Frenand Léger, pwofèsè Jobnel Pierre, ki se manm Sosyete Koukouy Kanada, ekriyen epi powèt Jeanie Bogart. Se sèten, kapab genyen lòt moun, men se avèk moun sa yo mwen abitye travay. Nan domèn teyat, mwen kapab site non Jan Mapou, fondatè Mouvman Kreyòl ki vin ban nou Sosyete Koukouy, Doktè André Pardo-Lapierre, non vanyan li se Bob Lapierre. Genyen tou Lyonel Desmarattes, manm Akademi Kreyòl Ayisyen.

Men nouvo peryodizasyon an

DAT	PERYÒD	NON KÈK EKRIYEN
Epòk kolonyal 1749- 1803	Imitasyon total	Anonim
Premye epòk apre lendepondans 1804 – 1950	Imitasyon fomèl	Oswald Durand Georges Sylvain Milo Rigaud
Dezyèm epòk apre lendepondans 1950 – 1980	Otonomi	Feliks Moriso-Lewa Émile Célestin-Mégie (Togiram) Rassoul Labuchin Paul Laraque Georges Castera (Fils) Rudolph Muller
Twazyèm epòk apre lendepondans 1980 – 2000	Renouvo / Majè	Dominique Batraverse Jozafa Large Lyonel Trouillot Jan Mapou Jean-Claude Martineau (Koralen)

Mwen pale de nouvo peryodizasyon, paske nan Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti (2000), mwen te konsidere epòk kolonyal epi yon pòsyon nan epòk apre lendepondans lan, tankou yon sèl blòk. Rezon an se paske nou te twouve pa te genyen sifizamman zèv pou nou pale sou epòk kolonyal la oswa kòmmanman epòk apre lendepondans lan pou kont yo. Plis ane yo ap pase, kòm refleksyon nou, nan Sosyete Koukouy, sou devlopman pwezi kreyòl la pa janm kanpe, nou vin rann nou kont, nou dwe ba epòk kolonyal la yon espas pou kont li. Epitou, nou idantifye epòk yo apati chanjman majè nou obsève nan pwodiksyon travay powèt yo.

Prezantman, nou divize epòk apre lendepondans lan an twa pati, paske genyen sifizamman zèv. Rive nan dezyèm epòk apre lendepondans lan, nou separe zèv yo an tranch 10 lane. Se prensip sa a nou aplike pou dezyèm epi twazyèm peryòd apre lendepondans lan.

Pou nou kontinye pale sou oryantasyon pansè powèt yo, mwen ap ajoute, moun yo ki te konn ap ekri pwezi nan epòk kolonyal la pa te genyen menm entansyon, oubyen ankò menm oryantasyon avèk sila yo ki te ap viv nan epòk apre lendepondans lan.

Sou plan lengwistik, lang kreyòl ki te sèvi pou powèt yo ekri tèks nou jwenn nan epòk kolonyal la pa sanble ak langay ki konstitye tèks nou jwenn nan peryòd apre lendepondans lan.

Nan moman kolon yo te ap viv sou zile a, pawòl yo te ekri nan tèks pwezi, nou pral analize pi devan yo, ki pa anpil dayè, pa te vrèman relate reyalyite lavi moun nwa yo sou zile a. Poudayè, moun desandan Lafrik ki te ap viv sou zile a pa te gen dwa aprann li, ale wè pou yo ta konn ekri. Konsa, li vin pi klè toujou. Se pa moun desandan Lafrik yo ki te kreye pwodiksyon ekri yo. Lè te genyen sikonstans, ki te fasilite yonn yonn ladan yo aprann li, se te gwo malè ki konn

frape yo. Sa te konn lakòz yo manje baton, yo sibi gwo sanksyon, elatriye.

Rechèch yo demontre, moun ki te fè etid sou pwezi kreyòl, ki te ekri nan epòk kolonyal la, te plis konsidere travay literè sa yo tankou yon ekstansyon pwodiksyon peyi Lafrans sou zile a. (*Beyon The Slave Narrative, Deborah Jensen*).

Pou tout rezon sa yo, li nesite pou noumenm, ki ap travay sou devlopman pwezi kreyòl la, mete tèks kreyòl nou jwenn nan epòk sa a, nan espas pa yo. Yo reprezante literati zile Sendomeng, kote premye nasyon yo te ap viv anba britalite Espayòl yo, jiskaskè, pi devan, *Bartolème de Las Casas* ta pral fè demach pou fanm epi gason kontinan Lafrik vin fè travay fòse sou zile a.

Nou pa jwenn okenn dokiman ekri sou zèv pwezi pèp premye nasyon yo. Si genyen kichòy, li dwe sikile nan lang panyòl. Se yon travay rechèch moun ki enterese nan devlopman literati zile a, nan epòk kolonyal la, dwe rapousuiv.

Pa genyen jenerasyon ki ekziste britsoukou. Prezans tèks nou pral analize la yo, se ekzanp premye pa ki te fèt nan pasaj lang kreyòl la soti nan pawòl oral pou li rantrè sou fèy papye. Se rezon sa a menm ki demontre nesite pou nou konsidere tèks nou pral analize la yo kòm yon etap nan devlopman pwezi kreyòl Ayiti a.

Plas lang kreyòl la nan koloni an anba labanyè Lafrans

Nan epòk kolonyal la, tout moun yo, nan kèlkeswa kouch sosyal yo te ye a, yo te pale kreyòl. Sepandan, te toujou genyen tout kalite prejije negatif parapò ak lang kreyòl la. Prejije sa yo derape avèk lide, esklav yo, ki devlope lang sa a, pa moun. Daprè *code noir* la, esklav yo se pwopriete pou lòt moun posede. Kidonk, yo te tankou bèt oswa yon mèb. Yo te konn achte yo nan mache, tankou nenpòt machandiz. Nan sans sa a, nou deja konprann kreyasyon atizay ki te fèt avèk lang kreyòl la, lè se moun nwa yo, fanm ak gason Lafrik yo, ki te ap pwodui, sa pa te genyen okenn valè nan lespri moun ki ta pe dirije koloni an.

Pi devan, apre lendepondans, prejije negatif yo kont lang kreyòl la toujou ekziste, men yo te vin pran yon lòt fòm. Tankou: ki kote lang sa a pral mennan ou? Se yon lang ki ap izole ou, paske ou pa pe anmezi pou ou pale avèk lòt pèp ki alantou ou.

O wi, lang sa a se yon fransè defòme, elatriye. Se tout prejije sa yo, ki anpeche Ayisyen bay lang kreyòl la plas li merite nan sosyete a, oswa ki anpeche moun save nan diferan sektè lakonesans mete tan pou yo pwodui materyèl an kreyòl.

Enpòtans lang kreyòl la sou plan stratejik

Malgre tout pawòl ak lide malonnèt sa yo nan tande pi wo a, lang kreyòl la se te yonn nan zam ki te sèvi zansèt nou yo pou yo te chavire sistèm esklavaj la. Rezon an klè, pa kapab genyen batay san strateji, pa kapab genyen strateji san kominikasyon. Epitou, pyès moun oswa gwoup moun pa fouti devlope strateji ki reyisi si yo pa genyen yon bon mwayen kominikasyon. Esklav yo pa ta janm kapab rive rasanble nan Bwakayman pou yo te sèmante, epi kontinye goumen kont sistèm eklavajis la, si yo pa te genyen yon lang ki ini yo ansanm. (Cf. Joseph Sauveur Joseph nan Revu Literè Sosyete Koukouy nimewo 3, ane 2013, paj 180).

Jouk jounen jodi a, espesyalman nan peyi etranje, lang kreyòl la kontinye jwe wòl li kòm mwayen pou Ayisyen defann tèt yo, pwoteje tèt yo, nan milye kote yo an minorite. Ekzanp, nan peyi etranje, jèn ayisyen yo rasanble ant yomenn avèk lang kreyòl la pou yo viv ansanm e pafwa menm pou yo devlope strateji ki pou pèmèt yo reziste anba difikilte yo kontre anndan lekòl yo.

Moun ki pwopaje tèks apwopo epòk kolonyal la

Tèks ki soti sou pwezi nan peryòd kolonyal la mèg anpil anpil. Nou rive jwenn kèk grenn gras ak *Michel Étienne Descourtiz* epi *Moreau de Saint-Méry*. Rechèch yo mansyone non Ducoeurjoly tou, kòm moun ki pwopaje tèks ki teibliye nan peryòd kolonyal la.

Michel Étienne Descourtiz

Michel Étienne Descourtiz te yon doktè epi yon botanis. Misye te fèt nan peyi Lafrans nan ane 1777 epi li mouri an 1838. Li te pase nan plizyè peyi nan Amerik la, tankou Etazini epi Kiba anvan li te rive sou tè Ayiti. Travay misye sou botanik kouvri zòn kou Pòtoprens pase Latibonit jouk yo rive Okap. Misye te kite Ayiti nan ane 1803 pou li te al viv an Frans kote li te al kontinye travay kòm doktè.

Moreau de Saint-Méry

Moreau de Saint-Méry se yon Blan ki te fèt Matinik nan ane 1750. Li mouri nan vil Pari nan ane 1819. Misye te avoka. Apre li te fin etidye dwa, li te vin tabli nan Sendomeng. Moreau de Saint-Méry te yon pwopriyete esklav. Pandan peryòd revolusyon fransèz la, misye te kreye yon komite kolonyal. Manda komite sa a se te bloke tout refòm ki pou ta fèt nan sistèm esklavajis la. (Wikipedia). Li enpòtan pou nou konnen kalite enfòmasyon sa yo. Se yon fason pou nou mete pawòl kalite ekriyen sa yo sou balans apati enterè klas sosyal yo nan epòk la.

Tèks nan epòk kolonyal la

Tankou nou deja di li nan *Istwa Pwezi Kreyòl Ayiti* (2000), kiibliye nan Educa Vision, genyen 2 tèks tout moun

ki ekri sou pwezi peryòd kolonyal la toujou site. Se Lizèt kite laplaine epi Evahim ak Aza. Nan *Mòsochwazi Pawòl ki ekri An kreyòl Ayisyen*, Jean-Claude Bajoux, nou dekouvri 3 lòt: *Quand mon cher zanmi moin va rive, N'A rien ki dous epi si ou rancontré la belle*. Apa Evahim ak Aza, ki soti nan yon liv Michel Etienne Descourtiz te publiye, 3 lòt tèks yo te parèt nan yon liv Moreau de Saint-Rémy te publiye, ki rele: *Description topographique, phisique, civile, politique et historique de la partie française de l'Isle de Saint Domingue*.

Tèm ki dekri nan tèks sa yo se chgren lanmou aköz separasyon.

Zanmi An moué

Quand cher zanmi moin va rivé

Mon va fair li tout plein caresses

Ah! Plaisir là nous va gouté

(Tèks anomim) nan Christophe Charles, 135 Poètes D'Haïti, 2011, paj 40.

Sepandan, nan chante ki rele Evahim ak Aza a separasyon an te fèt apati moman yo te kidnape Aza, gason ki nan istwa a, epi yo te mennan li Sendomeng, prensipalman nan vil Okay, dapre istòryen Jean Fouchard nan liv li a, ki rele La méringue 1973. Nan istwa sa a, se toujou separasyon an ki parèt. Men, li pran yon lòt dimansyon. Zannoure sa yo te separe nonpa, paske yo te nan kont, men pito aköz deblozay sistèm eklavajis la, ki te al kidnape moun nan kontinan Lafrik la, epi pete deblozay nan lavi anmore sa yo.

Kòmantè sou Evahim Ak Aza

Evahim ak Aza genyen 5 estwòf. Chak estwòf genyen 4 liypwezi. Epi yo genyen karakteristik vè kwaze. Kanta liypwezi yo, yo genyen 8 silab chak.

Tèks la rapòte yon istwa lanmou, kote chagren separasyon an vin disparèt gras ak kè kontan yon retwouvay sibiit pou 2 zannoure yo. Lè nou li Fouchard nan La Méringue (1973) nou wè se yon istwa vrè. Sepandan, nan lespri pa nou, koyensidans rankont lan parèt envrèsanblab. Nan yon lòt nivo, lè otè a ekri:

Quior a moue ci lala crâse

Pas gagne quior a z ouvrage

Nou genyen yon lòt pwoblèm toujou avèk vrèsanblans tèks la. Nan epòk esklavaj sa a, pa genyen koze ou sou travay oswa ou pa sou travay. Depi moun pa vle travay, nou tout konnen ki sa ki te konn rive yo.

Kòmantè sou Lizèt quitè laplaine

Lisette quitté la plaine genyen 5 estwòf. Chak estwòf genyen 8 liypwezi. Epi yo parèt sou fòm vè kwaze. Kanta liypwezi yo, yo genyen 7 silab chak.

Rechèch yo demontre genyen kote nan tèks la, se tankou Blan ki ekri pwezi a vle mete li nan plas yon esklav. « Mon tant com' zozo dans cage ». Pawòl anprizonnen nan kaj sa a, ki rantre nan tèks la, kapab genyen de nivo sikolojik diferan. Sa pral depann, si se yon esklav ki ekri tèks la oswa yon Blan /milat. Alaverite, konpare retire libète yon moun nan men li avèk yon zwazo ki nan yon kalòj, dapre rechèch yo, se tankou nan lespri otè a, absans libète sila a pa pi grav pase sa. Anfèt, yon zwazo an fèmen se vre, men li jwenn manje. Yo ba li dlo. Pafwa yo menm mete yon glas pou li nan kalòj la. Se yon fason pou yo fè li konprann, li genyen yon konpayon. Esklav pa te genyen konsiderasyon kon sa.

Si jamè, se yon esklav ki ta ekri tèks sa a, nou tout nou preske sèten se pa zèv yon esklav, li pa ta pe janm konpare tèt li avèk yon zwazo ki pa gen libète. Si li ta fè sa, sa ta kapab yon fason pou li redui souffrans li sikolojikman.

Nan tèks Lizèt Kite Laplenn lan, Genyen yon mo kou *Candio*, ki parèt nan tèks la. Prezans mo sa a pa inosan. Li pote yon eleman kilti kolonyal anndan powèm lan.

Si to allé à la ville,

Ta trouvé geine Candio

Qui gagné pour tromper fille

Bouche doux passé sirops

Nan epòk la, pitit Lafrik yo te dekri avèk mo *Candio* a, se pitit moun afriken yo ki fèt nan koloni an, ki te bon matyo epi ki te genyen yon pouvwa majik pou yo rale fi sou yo. Konsa, lè otè di mo *Candio* a, se kalite pansè sa a li genyen nan lespri li, nan moman li ap pataje tèks sa a avèk lektè li yo nan epòk pa li a. (*Beyond The Slave Narrative*).

Jounen jodi a, noumenm ki ap li tèks sa a pa genyen nivo sans sa a nan lespri nou pou mo *Candio* a.

Nan analiz ki fèt sou tèks ki ekri pandan peryòd kolonyal la, gen moun ki poze tèt yo kesyon sou otè yo. Èske se pitit Lafrik yo ki ekri tèks la oswa èske se Ewopeyen yo? Yon moun tankou *Edward Laroque Tinker* rive menm di, li pa kwè yon esklav ta kapab ekri yon tèks kou Lizèt Kite Laplenn. (*Beyond The Slave Narrative* p.248) Nan lespri pa nou, se pa kapasite mantal esklav yo ki te an kòz, se kondisyon lavi sistèm esklavajis la enpoze yo a ki te anpeche yo demontre tout nivo konpetans yo sou plan kreyasyon literè. Kalite refleksyon kou refleksyon *Edward Laroque Tinker* deja montre nou nan ki rejiman misye te ap mache, paske kalite pwopo kon sa, se pawòl yon rasis.

Konklizyon

Pou nou fini, mwen ap fè nou remake, tout prejije negatif ki te tabli sou do lang kreyòl la depi nan peryòd kolonyal la pa te efase nan peryòd apre lendepondans lan, men travay ekriyen sa yo, ki majoritèman anonim, te deja anonse posiblite pou Oswald Durand vin akouche Choukoun, yonn nan pi bèl zèv pwezi kreyòl la, nan peryòd apre lendepondans lan.